



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SD NEGERI CIBEBER MANDIRI 2



Jln. Pengkolan No. 29 Cibeber Cimahi Selatan Kota Cimahi Telp. 022-6674960

PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) II T.P. 2021/2022

Mata Pelajaran : Basa Sunda Nama :
Kelas/ Semester : 6/2 Hari/tanggal :

Baca sing gemet ieu teks wawancara dihandap !

Hiji mangsa Kang Ganda ngawawancara Bu Sari anu boga usaha manisan sayuran.

Kang Ganda : Dupi jenengan lengkep teh saha ?

Bu Sari : Sari we, teu aya papanjangna nami ibu mah.

Kang Ganda : oh, yaktos. Dupi yuswa sabarah taun ?

Bu Sari : Bade.... 50 taun jalan Aden.

Kang Ganda : Ibu, tiasa bari ningalan rupi-rupi manisanana ?

Bu Sari : Mangga Aden, hayu ka palih dieu..! (Kang Ganda jeung Galih dibawa ka rohangan
anu lega, aya meja panjang, diluhurna paragpag gambling)

Kang Ganda : Geuning rupi-rupi bu.

Bu Sari : Kantenan sagala rupi we, manga geura milih, aya manisan tomat, bortol, buncis,
waluh, dingdet.

Jawab pananya ieu dihandap !

1. Saha nu ngawawancara teh ?
2. Saha bu Sari teh ?
3. Wirausaha widang naon anu keur digarap Bu Sari teh ?
4. Manisan sayuran naon wae anu digarap ku Bu Sari teh ?
5. Tuliskeun kecap tanya naon wae anu aya dina teks wawancara diluhur ?

Cakra (X) abjad A, B, C atawa D dihareupeun jawaban anu bener !

1. Tanya jawab sangkan meunang kateurangan anu lengkep ngeunaan hiji hal nyaeta ...
a. Tatanya b. Wawancara c. Biantara d. Babanda
2. Nalika ngawawancara, urang pasti ngagunakeun
a. Kalimah panyeluk b. Kalimah pagawean
b. Kalimah Tanya d. Kalimah parentah
3. Nu teu kaasup kana rupa-rupa istilah dagang nyaeta ...
a. Balantik b. Padurega c. Bati d. Papait
4. Kalimah Tanya sok dituntungan ku tanda ...
a. Kekenteng b. Seru c. Tanya d. Kurung
5. Sabaraha diicalna manisan teh ?
Kalimah Tanya diluhur, nanyakeun ...
a. Jumlah b. Harga c. Ngaran d. Tempat

6. Duit anu dipake pikeun ngamimitian usaha disebut ...
 a. Modal b. Bati c. paktur d. Harga
7. Balanja dipasar tradisional mah kudu pinter ...
 a. Untung b. rugi c. Balantik d. Padurega
8. Sikeup nu kumaha anu kudu dipibanda ku urang lamun hayang wirausaha ?
 a. Kedul
 b. Sabar
 c. kapokan
 d. pundungan
9. Pa Maman mah disebut ... sabab cara dagangna dititipkeunkatoko-tokodikotana.
 a. Paktur
 b. Merek dagang
 c. Keketrekan
 d. Agen
10. Kalimah anu unsur caritaannana (C) mangrupa kecap pagawean, disebut
 a. Kalimah panyeuluk
 b. Kalimah Tanya
 c. Kalimah pagawean
 d. Kalimah parentah
11. Aki melak sayuran di kebon. Nu kaasup kana kecap pagawean nyaeta
 a. Aki c. Sayuran
 b. Melak d. Dikebon
12. **Manisan - Mama – di - ngolah – dapur** . lamun disusun jadi kecap
 a. Mama ngolah di dapur manisan.
 b. Ngolah manisan didapur mama.
 c. Manisan dingolah mama dapur.
 d. Mama ngolah manisan di dapur.
13. Ujang mah da sieunan, acan ge dicobaan tapi kalahkah sieun tiheula.
 Sikep Ujang sarua jeung paribasa ...
 a. Cikaracak ningang batu
 b. Kumeok memeh dipacok
 c. Kacai jadi saleuwi, kadarat jadi salogak
 d. Ngadek sacekna, nilas saplasna.
14. Duit komisi teh ditarimakeun bungaheun pisan
 a. disuhun dina embun-embunan
 b. disuhun dina tak-tak
 c. disuhun dina leungeun
 d. disuhun dina suku
15. Paribasa nu ngandung harti hayang barang dahar kudu digawe nyaeta ...
 a. Ngadek sacekna, nilas saplasna.
 b. Bibilintik ti leuleutik, babanda tibubudak.
 c. Hayang nyapek kudu ngopek
 d. Cikaracak ninggang batu
16. Kuring mah boga kebonna ge ngan
 a. Sacangkewok
 b. Sabudeureun
 c. Sahuapeun
 d. Saemok

17. Diwarung Asih teh meuni ... loba nu meuli
- Marema
 - Tiiseun
 - Balik jinis
 - Rugi
18. Si Ujang mah beurat birit, beurat birit hartina ...
- hese dititah
 - babari dititah
 - eraan
 - sieunan
19. Papatah tinu jadi kolot urang teh kudu ...
- diregepkeun
 - ngaregepkeun
 - ragepan
 - karegepkeun
20. Nyawah taun ayeunamah kabanjiran wae, **ngan balik jinis**.. kecap anu dicetak miring hartina ...
- Bungah pisan
 - Mimilikan
 - Teu boga bati
 - Leuleutikan.

Kunci jawaban :

1. B
2. B
3. D
4. C
5. B
6. A
7. D
8. B
9. A
10. C
11. B
12. D
13. B
14. A
15. C
16. A
17. A
18. A
19. A
20. C